



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 21 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 17 LÒT BIZNIS CHWAZI POU AGRANDI OSWA LOKALIZE NAN NEW YORK  
ANBA START-UP NY**

***Depi lansman l, 41 biznis te agrandi oswa lokalize nan NYS anba START-UP NY, sipòte 1,750 Nouvo djòb ak \$77 milyon dola nan investisman***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 17 biznis pral agrandi oswa lokalize nan New York kòm yon rezilta de START-UP NY, reprezante premye vag konpayi yo kap patisipe nan nouvo inisyativ la ki kreye zòn san taks ki asosye avèk kolèj ak inivèsite yo toupatou nan eta.

17 biznis yo pwojete pou investi plis pase \$14 milyon dola e yo angaje pou kreye omwen 464 nouvo djòb nan zòn ki san taks ki patwone pa Inivèsite nan Albany, Inivèsite nan Buffalo, Cornell University, SUNY Downstate Medical Center, Inivèsite Rochester ak Stony Brook University. Yo te aksepte gwoup konpayi sa a nan pwogram lan sa ki pote total biznis kap patisipe nan START-UP NY yo a 41, reprezante 1,750 nouvo djòb ak apeprè \$77 milyon nan investisman toupatou nan eta.

“Bati sou siksè nan koupe taks pou biznis New York yo ak fanmi yo, nou te kreye START-UP NY pou kontinye efò nou pou redwi depans pou kreye travay ak pote nouvo devlopman ekonomik nan Empire State,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwens pase 11 mwa apre pwogram lan te antre anvigè, START-UP NY te pran yon bon depa, atire 41 nouvo biznis, preske 1,800 nouvo djòb, ak \$77 milyon dola investisman nan kominote yo toupatou nan Eta New York. Avèk pousantaj chomaj la ki nan pi ba pwen l depi 2008, e yo te kreye plis pase 500,000 nouvo djòb pandan dènye katran ki sot pase a, li klè ke strateji nou an ap travay pou revitalize ak rebati ekonomi New York.”

Biznis START-UP NY yo ki agrandi oswa lokalize nan Empire State pral kreye travay nan plizyè endistri kle, enkli manifakti avanse ak wo teknoloji, rechèch ak devlopman bio-teknoloji, ekipman medikal ak sèvis swen sante ak pwogramasyon òdinatè ak sistèm konsepsyon. Biznis ki annaprè yo te apwouve pa twò lontan de sa pou START-UP NY: ClassBook.com; PharmAdva, LLC; Xallent, LLC; EHR Console; Innovimmune Biotherapeutics Holding, LLC; CMP Scientific Corp.; Mitigate Injury Management, Inc.; You First Services, Inc.; HarkerBIO, LLC; ZeptoMetrix Corporation; Robb Surgical Devices, LLC; Guided Interventions, Inc.; Saniteq; GridBridge, Inc.; Killer Content, Inc.; Jasmine Universe, LLC; ak Polynova Cardiovascular, Inc.

Haitian Creole

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Klima biznis inegalab START-UP NY la ap kondwi kwasans inovasyon ekonomi New York nan atire investisman enpòtan ak plizyè santèn nouvo djòb nan Empire State. Anons jodia ke 17 lòt biznis pral rejwenn START-UP NY preske double klasman pwogram lan e li sèvi kòm evidans nan yon gwo apèl inisyativ ki pote pou biznis, investisè ak antreprenè yo.”

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, “Okenn kote nan peyi a ap fè nouvo biznis e antreprenè yo kanpe pou yo benefisyè plis nan fè patenarya avèk pi wo nivo edikasyon pase nan Eta New York, grasa gwo siksè nan pwogram START-UP NY Gouvènè Cuomo a. Avèk enterè ak investisman kap vini soti toupatou nan mond lan ak nouvo djòb ki te kreye nan chak rejyon, START-UP NY te bay yon etensèl pou ekonomi nou an ak pou SUNY, fè Eta New York vini yon plas ki pi konpetitif pou fè biznis ak ogmante valè ansèyman, aprantisaj, ak fè rechèch nan kolèj ak inivèsite nou yo. Kanpis SUNY yo nan chak rejyon fyè pou l enplemante inisyativ transfòmatif sa a.”

Detay adisyonèl sou premye vag biznis yo ki te apwouve pou START-UP NY se sa ki annaprè a:

### **University nan Albany – 72 nouvo djòb net**

**ClassBook.com** se yon biznis ki egziste deja ki baze sou cloud ak multi-platfòm bay yon pwosesis efikas pou fè eBooks ak liv enprime yo disponib atravè yon sistèm jesyon ak kòmman sou entènèt. Yo se premye ak konpayi inik pou ofri lekòl K-12 yo kapasite pou ekstènalize ak otomatize eBook yo ak kòmman enpresyon manyèl yo ak egzekisyon. ClassBook pral lokalize nan anba lavil Albany nan 418 Broadway epi kreye 72 nouvo djòb nèt pandan lap investè \$227,600.

Senatè Neil Breslin te deklare, “Resan Flo travay nan zòn lan se prèv ke Gouvènè Cuomo ap onore efò l pou favorize devlopman ekonomik pou pati nò New York. Grasa START-UP NY, pati nò a ap transfòme tèt li an yon anviwonman biznis likratif se pa anpil moun ki tap imajine sa plizyè ane de sa. Mwen konplimante gouvènè a paske li te dirije pwogram sa a epi dèske li te ede rejyon yo nan pati nò a remache sou pye yo.”

Manm asanble John McDonald te deklare, “Anons jodia make yon pwogrè enpòtan pou klima biznis Eta New York. Gouvènè Cuomo rekonèt enpòtans pou investè nan pati nò a, espesyalman nan Albany, e li te ede New York rebran repitasyon l kòm yon anviwonman ki atire biznis. START-UP NY te bay nouvo teknoloji ak nouvo djòb nan rejyon an e li pral kontinye pwouve tèt li kòm yon katalizè enpòtan pou stimile ekonomi an toupatou nan Eta New York.”

Manm asanble Pat Fahy. “Inivèsite Piblik nou yo te demontre an plizyè fwa kapasite yo nan motè ekonomik fòmidad la pou kwasans, espesyalman isit la nan Capital Region. START-UP NY reyèlman gen potansyèl pou akselere kreyasyon travay ki pi nesèsè nan pati Nò a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li kontinye pou santre efò nan atire biznis yo nan New York epi pou kenbe yo isit la nan Empire State.”

Egzekitif Konte Daniel P. McCoy te deklare, “Byenke defi antrepriz yo te domine nan Nò New York pandan anpil deseni, START-UP NY te pwouve tèt li kòm yon inisyativ agresif kap kontinye atire antrepriz demaraj yo. Mwen fyè dèske Konte Albany te obsève kwasans enpòtan nan yon varyete endistri kap grandi, e mwen remèsye Gouvènè a paske li te dirije transfòmasyon sa a. Map rete tann devlopman kontinyèl sa e mwen aplodi pwogram START-UP NY Gouvènè Cuomo pou kapasite l nan chanje direksyon an.”

Majistra Kathy Sheehan te deklare “Mwen felisite efò Gouvènè a, lejislati a, ak patnè yo nan SUNY paske yo pote ansanm inisyativ plizyè fasèt sa a ki pral kontinye pote travay nan vil la ak nan rejyon an. Map rete tann pou m kontinye travay avèk Gouvènè Cuomo pou devlope ekonomi Albany.”

### **University nan Buffalo – 123 nouvo djòb net**

**Mitigate Injury Management, Inc.** se yon nouvo konsèy jesyon nan nivo antrepriz ki pral bay yon varyete sèvis a konpayi Fortune 1000 yo pou amelyore dosye sekirite yo ak diminye depans pou konpansasyon travayè yo. Konpayi an pral lokalize nan Building Gateway pou devlope lojisyèl pwopriyete pou bay sèvis konsiltatif nan yon fason ki pi efikas epi kreye 81 nouvo djòb net pandan lap investè \$115,000.

**You First Services, Inc.** se yon biznis ki egziste deja nan Eta New York kap chèche pou komèsyalize teknoloji ki te kreye nan anviwonman laboratwa a, men ki pat sipòte pa resous ki nesesè pou rive nan mache a. Konpayi an pèfòme rechèch ak devlopman ki nesesè pou detèmine potansyèl komèsyalizasyon epi pote nouvo teknoloji a mache a, tankou apwobasyon FDS pou yon pwodui. You First Services pral elaji administrasyon l, devlopman biznis, ak anplwaye R&D pou pèmèt plis pwojè komèsyalizasyon similtan. Konpayi an pral elaji nan Baird Research Park epi kreye sèt nouvo djòb net pandan lap investè \$110,000.

**HarkerBIO, LLC** se yon nouvo biznis bio-teknoloji ki bay sèvis pou avanse rapidman devlopman famasetik yo. Baze sou teknoloji yo ki te devlope nan Enstiti Rechèch Medical Hauptman-Woodward ki rekoni mondyalman, Harker BIO detèmine rezolisyon atomik pre, strikti ki gen twa-dimansyon nan sibler medikaman ak sibler medikaman – ajan terapeitik konplèks pou grandman akselere pwosesis konsepsyon medikaman. Grasa patenarya endistri yo, yap devlope nouvo jenerasyon terapeitik pou yon laj evantay maladi ak kondisyon sante. Konpayi an pral lokalize nan 700 Elicott Street, Buffalo, epi kreye 10 nouvo djòb net pandan lap investè \$500,000.

**ZeptoMetrix Corporation** se yon konpayi bio-teknoloji ki egziste deja kap elaji nan Anèks Sant Inovasyon nan Kanpis Inivèsite nan Buffalo. ZeptoMetrix spesyalize nan pwodui ak sèvis pou mache dyagnostik maladi enfektyez mondyal, ofri devlopè yo sipò nan konsepsyon twous pou tès a manifakti komèsyal ak lansman pwodui dyagnostik yo. Konpayi an pral kreye 10 nouvo djòb net epi investè \$575,000.

**Robb Surgical Devices, LLC** se yon konpayi aparèy operasyon ki te jwenn dwa pou fabrike yon woman, patante, eponj laparoskopik. Biznis lan pral lokalize nan Sant Ekselans Building Bio-enfòmatrik epi kreye 15 nouvo djòb net pandan lap investè \$1.87 milyon.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “ START-UP New York ap kreye travay ke nou bezwen la nan lwès New York. Nouvo djòb sa yo se sèlman kòmansman avèk menm plis bagay ankò kap vini nan yon avni pwòch. START-UP ap jwe yon gwo pati nan redemaraj ekonomik Buffalo e vil nou an sou mouvman ankò grasa lidèchip Gouvènè Cuomo nan Buffalo Billion ak START-UP New York. Mwen fyè pou m vote an sipò START-UP, e mwen kontan pou m wè ke li deja ap peye enterè pou Buffalo ak lwès New York.”

Manm asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, “START –UP NY ap kontinye pote nouvo djòb epi kenbe travay ki egziste deja yo la nan anba lavil Buffalo. Buffalo gen kolèj ak inivèsite nivo mondyal, konbine avèk yon anviwonman ki pa gen taks pou biznis yo kontinye stimile kwasans nan Buffalo ak nan lwès New York. ZeptoMetrix, bay sèvis nan endistri Dyagnostik ak Rechèch Famasetik. Ajoute dis nouvo djòb epi kenbe karant-senk djòb montre angajman yo a Buffalo ak koridò kap grandi a nan zòn Main Street. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te fè START-UP NY yon reyalyte e lap kontinye efò l pou relanse ekonomi an pou lwès New York.”

Manm asanble Raymond Walter te deklare, “Pote nouvo, travay ki peye byen nan kominote nou an gen wo enpòtans epi pote yon konpayi teknoloji tankou You First Services pral fè yon long wout nan reyalyze objektif sa a. Map rete tann pou m wè kisa nouvo patenarya sa ant konpayi Start-Up sa ak Inivèsite nan Buffalo kapab kreye. Se yon moman enteresan nan kominote nou an e mwen espere plis ti biznis pral chwazi pou enstale nan zòn nou an.”

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Grasa Gouvènè Cuomo ak inisyativ START-UP NY, senk konpayi yo te jwenn klima biznis ak mendèv nivo mondyal yo bezwen an pou agrandi fonksyonman yo isit la nan Konte Erie. Koperasyon ant edikasyon siperyè ak biznis anba START-UP NY kontinye pou l ranfòse lokalman, kòm biznis yo ap grandi enprent yo nan ajoute 123 nouvo djòb an total pandan lap investi plis pase \$3 milyon dola. Nouvèl sa a pral ajoute nan repitayson kwasans Konte Erie kòm yon gwo kote pou viv, travay, ak fè biznis.”

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, “Sa a se yon moman enteresan enkwayab ke Buffalo konnen yon kantite aktivite devlopman ekonomik rekò ki bay nouvo djòb ak lòt investisman. Anons jodia se prè anplis ke biznis ak antreprenè yo nan mond lan ap pran nòt de Buffalo ak pwogram START-UP NY Gouvènè Cuomo a. Buffalo se yon gwo kote pou kòmansman, bati ak devlope yon biznis e map rete tann pou m fè patenarya avèk konpayi sa yo, pote plis pwosperite nan Buffalo pandan lap kreye nouvo opòtinite karyè pou rezidan yo nan vil la.”

### **Cornell University – 8 nouvo djòb net**

**Xallent, LLC** se yon ti konpayi wo tekno loji ki baze nan Ithaca ki pral komèsyalize yon miltip sond optik teknolojik nan Cornell University. Fondatè Xallent, Dr. Kwame Amponsah, te devlope teknoloji sa nan kad rechèch doktora l nan Cornell e konpayi an aktyèlman ap fè kontra pou Depatman Defans nan yon zòn sekirite nasyonal kle, sikwi metòd syantifik entegre. Xallent pral kreye uit nouvo djòb net ak investi \$2.06 milyon dola.

Senatè Michael Nozzolio te deklare, “Se yon gwo nouvèl ke pwogram START-UP NY ap kontinye ankouraje devlopman nouvo biznis, e an retou, delvope biznis nan rejyon Finger Lakes. Kolèj ak Inivèsite nou yo se motè apwopriye pou nouvo konpayi wo teknoloji yo, tankou Xallent, e mwen kontan dèske Gouvènè a ap kontinye nakouraje nouvo konpayi yo investi ak bay opòtinite karyè nan Finger Lakes.”

Manm Asanble Barbara Lifton te deklare, “Mwen apresye lidèchip Gouvènè Cuomo nan zòn enpòtan sa a. Kominote biznis lan fianlman ap pran nòt ke New York se kote pou fè biznis nan ekonomi 21yèm syèk la, e mwen kontan anpil ke Finger Lakes ka jwe yon wòl enpòtan konsa.”

Majistra Svante Myrick te deklare, “Sa a se yon nouvèl ekselan pou Ithaca, e nouvo investisman an pral yon adisyon akeyan pou eko-sistèm antreprenarya solid vil la ki se reyèlman kè kominote nou an. Apwòch inovè START-UP NY ap stimile ekonomi Ithaca nan yon fason ki toutafè diferan ke nou pa janm eksperimante, e map rete tann pou m kontinye travay avèk Gouvènè Cuomo pou kenbe elan nan tan kap vini yo.”

### **SUNY Downstate Medical Center – 39 nouvo djòb net**

**EHR Console, Inc.** se yon devlopè founisè swen sante ki konfòme a HIPAA aplikasyon swit pwodiktivite avèk prensip kliyan yo tankou lopital, klinik, founisè swen sante endividyèl, pasyan ak lòt ki jere oswa itilize enfòmasyon swen sante. EHR se yon nouvo konpayi start-up ki pral lokalize nan enkibatè bio-teknoloji Downstate epi kreye 10 nouvo djòb net pandan lap investi \$5,000.

**Innovimmune Biotherapeutics Holding, LLC** se yon konpayi rechèch bio-teknik ki egziste deja. Ki spesyalize nan devlopman medikaman pou tretman oto-imitè ak maladi imino -anflamatwa. Konpayi an pral lokalize nan Sant Bio-teknoloji Downstate nan Brooklyn e lap kreye sèt nouvo djòb net pandan lap investi \$45,000.

**CMP Scientific, Corp.** se yon nouvo konpayi rechèch bio-teknoloji kap devlope ak fabrike enstriman analitik ak lojisyèl spesyalize pou itilize nan laboratwa analiz yo ak enstitisyon nan rechèch bio-teknoloji. Konpayi an pral lokalize nan Sant Bio-teknoloji Downstate nan Brooklyn epi kreye 22 nouvo djòb net pandan lap investi \$4.25 milyon dola.

Manm asanble Karim Camara te deklare, “Nan itilize Downstate anba inisyativ START-UP NY Gouvènè Cuomo a, nouvo travay te kreye nan endistri wo teknoloji yo ki pral kontinye grandi, elaji, epi gen enpak enpòtan sou ekonomi lokal la. Mwen remèsye Gouvènè a pou vizyon l nan pwogram sa a, e map rete tann pou plis konpayi chwazi Brooklyn kòm yon plas pou fè biznis.”

### **University of Rochester – 132 nouvo djòb net**

**PharmAdva, LLC**, se yon biznis Eta New York ki egziste deja, se yon sant medikal Inivèsite Rochester distribisyon teknoloji swen sante ap elaji operasyon l pou fasilite kwasans manifakti, distribisyon ak sipò. Konpayi an ap lanse yon sistèm obsèvasyon medikamam SAAS ki fèt pou elaji endepandans pasyan

granmoun yo ki sou plizyè medikaman, epi redwi pri reklamasyon medikal yo. PharmAdva pral kreye 132 nouvo djòb net epi envesti \$1.789 milyon dola.

Lidè Majorite Asanble a, Joseph D. Morelle te deklare: “Grasa STARTUP-New York nap selebre ankò yon lòt etap pwogrè pou ekonomi Rochester. Patenarya PharmAdva ak Inivèsite Rochester pral kontinye bati sou siksè ekonomik nou te travay di anpil pou kreye nan pozisyon rejyon nou an plis kòm yon lidè mondyal nan teknoloji swen sante. Mwen aplodi Gouvènè Andrew Cuomo, Inivèsite Rochester e kòlèg mwen yo nan Konsèy Devlopman Ekonomik Finger Lakes paske yo te vini ansanm otou yon vizyon inifye pou kominote nou an ki te pave wout pou anons enteresan sa a.”

Senatè Patrick Gallivan te deklare, “Mwen aplodi PharmAdva paske yo envesti ak agrandi operasyon yo lokalman. Sa a se yon lòt egzantp sou fason endistri teknoloji a kontinye grandi nan Rochester ak nan lwès New York, kreye nouvo djòb ak nouvo opòtinite pou rezidan nou yo. Mwen sipòte efò yo e mwen swete yo anpil siksè.”

Manm Asanble Harry Bronson te deklare, “Lè START-UP New York te pwopoze, PharmAdva se te kalite konpayi mwen te vizyone ki tap agrandi nan kominote nou an. PharmAdva pral bay yon opòtinite fòmidadab pou fanmi nou yo ak pou avni ekonomik eta. Agrandisman sa a pral kontinye kwasans enteresan nan travay ki otman kalifye nan rejyon nou an.”

### **Stony Brook University – 90 nouvo djòb net**

**Guided Interventions, Inc.** te fonde nan ane 2011 avèk vizyon pou kreye yon konpayi aparèy medikal pèmèt devlopman teknoloji ki fèt pou ogmante efikasite, diminye risk epi redwi depans pwosedi entèvensyon. Konpayi an aktyèlman ap pouswiv de devlopman pwodui: Fraksyon Flo Rezèv (FFR) gid fil ak Tèmoplasti Bronch avèk yon baz kliyan atravèk mond la. Konpayi an nouvo nan Eta New York, ap agrandi nan Long Island de Ohio, e li pral kreye senk nouvo djòb net pandan lap envesti \$300,000.

**Saniteq** se yon nouvo biznis ki santre sou rechèch, konsepsyon ak fabrikasyon pwodui endistriyèl entegre baze sou òdinatè ak pwodui komèsyal ki sible nan mache mondyal yo. Pwodui inisyal konpayi an se yon woman pens sou tan transpò iltasonik aparèy kap kontwole sekirite piblik, bezwen ekonomik ak anviwonman pou plizyè milye kilomèt tiyo lwil ak gaz nan mond lan. Saniteq pral lokalize nan Sant Teknoloji ak Rechèch Enèji Avanse epi kreye 28 nouvo djòb net pandan lap envesti \$600,000.

**GridBridge, Inc.** se yon devlopè ak katalizè sistèm distribisyon enèji revolisyonè. Aplikasyon l laj anpil, kouvri mache otomobil militè, ayewospasyal, ak rezo mache elektrik yo. START-UP NY pral pèmèt konpayi an amelyore platfòm routè enèji l grasa koneksyon avèk sèvis piblik rejyonal yo, laboratwa nasyonal, ak inivèsite yo. GridBridge pral kreye senk nouvo djòb net epi envesti \$150,000.

**Killer Content, Inc.** se yon biznis ki egziste deja ki se yon fizyon de Killer Films, yon konpayi fim endepandan nan Vil New York, ak Glass Elevator Media, yon enkibatè pwodiksyon medya ki devlope, finans, pwodui ak monetize kontni nan plizyè platfòm. Kontni Killer pral etabli yon etablisman medya

nan Stony Brook University pou fonksyone biznis lan, envesti nan renovasyon bilding pou yon swit dijital pou prepare kontni pou distribisyon ak acha nouvo lojisyèl medya pou ogmante kontni pou plizyè platfòm medya. Konpayi an pral kreye 18 nouvo djòb net epi envesti \$1.48 milyon dola.

**Jasmine Universe, LLC** se yon nouvo konpayi wo teknoloji kap devlope yon sistèm jesyon enèji nan kay, sa ki pral gen ladan yon konsòl elektwonik ak lojisyèl ki gen rapò, e yo pral vann li atravè sikwi komèsyal (sèvis piblik / mache enèji), avèk yon entwodiksyon ki planifye nan mache konsomatè a apre yo fin devlope sikwi komèsyal la epi lanse l avèk siksè. Entwodiksyon pwodui sa a aliyen etwatman avèk avansman teknoloji rezo entelijan. Jasmine pral kreye 17 nouvo djòb net epi envesti \$273,400.

**Polynova Cardiovascular, Inc.** se yon frabrikan aparèy medikal start-up, inisyman ap devlope pwotèz valv kadyak pou tretman aortik stenòz itilize bio-materyèl sentetik. Polynova gen entansyon pou pwodui aparèy FDA Klas III itilize pwopriyete bio-materyèl sentetik. Konpayi an ap komèsyalize teknoloji yo ki baze an pati sou rechèch ki fèt nan Stony Brook University, ak nan mache mondyal yo pou pwodui yo konpayi an gen entansyon regwoupe a plizyè milya dola. Polynova Cardiovascular pral kreye 17 nouvo djòb net epi envesti \$314,000.

Senatè John Flanagan te deklare, “Nan ede bizni yo grandi ak reyisi toupatou nan eta nou an, pwogram START-UP New York la te e lap kontinye yon eleman esansyèl nan kreye travay rezidan nou yo bezwen. Nan santre kwasans sa nan zòn yo ki ozalantou kanpis kolèj nou yo, pwogram lan ap ankouraje opòtinite travay pou jèn moun yo nan rejyon nou an epi ba yo yon rekonpans pou yo ka rete nan eta nou an. Mwen remèsye biznis yo ki te pran desizyon pou envesti nan kominote nou yo ak nan avni ekonomik eta nou an.”

Manm Asanble Steve Englebright te deklare, “Pwomès kreyayson djòb Start-up New York ap kòmanse pran rasin nan kominote Stony Brook University nou an. Sa a se yon prèv pozitif ke inivèsite nou yo enpòtan pou kwasans ekonomik Eta New York e yo se yon tanpon ki lanse pou inovasyon kap kreye travay de kalite.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Se yon gwo plezi pou akeyi nouvo biznis yo nan Konte Suffolk, pote avèk yo tavy epi ajoute opòtinite pou rezidan nou yo. Toutfwa, se pa yon sipriz; nou gen kèk nan pi bon resous nan peyi a pou kòmanse ak devlope yon biznis, enkli kèk nan talan ki pi entelijan – e START-UP NY te kondwi sa nan yon lòt nivo nan bay aksè san parèy a enfrastrikti ke biznis yo bezwen pou yo reyisi nan ekonomi mondyal jodia. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te yon vrè gouvènè antrepriz, ankouraje investisman ak kwasans nan New York nan yon fason ki travay.”

Sipèvizè Vil Brookhaven Ed Romaine te deklare, “Anons investisman sa a nan biznis sa yo se gwo nouèl nou espere ki pral stimile ekonomi an epi kreye travay nan rejyon nou an. SUNY Stony Brook se yon atou rechèch nasyonal, e finansman sa yo pral ede konpayi yo isit la nan Borokhaven grandi. Mwen apresye travay START-UP NY ak sa biwo Gouvènè a ap fè pou amelyore ekonomi Long Island.”

## **Enfòmasyon sou START-UP NY**

START-UP NY ap chèche akselere lespri antreprenè ak kreyasyon djòb nan tout eta a sou yon gwo baz, ak yon konsantrasyon espesyal sou rejyon nò New York. Sistèm kanpis Inivèsite Eta New York la, (SUNY), Inivèsite Vil New York (CUNY), avèk inivèsite prive ak lòt kominote kolèj yo, pral sèvi kòm yon estrikti pou pwogram START-UP NY pou atire teknik avanse ak lòt demaraj, kapital pou antrepriz, nouvo biznis ak investisman k ap sòti tout kote nan lemond. Nan kad pwogram lan, biznis yo gen opòtinite pou yo fonksyone nèt san taks pandan 10 lane sou kanpis ak espas kalifye. Patnè biznis yo pral asosye ak enstitisyon etid siperyè yo epi yo pral kapab jwenn espè nan sektè a ak laboratwa rechèch avanse.

Anba START-UP NY, kolèj ak inivèsite ki enterese yo elabore plan kap idantifye objektif yo pou pwogram lan ak espas ke yo pwopoze pou deziyen kòm san taks, ansanm avèk kalite biznis ak endistri ke yap chèche pou atire atravè inisyativ la. Kolèj piblik ak inivèsite yo, gen ladan SUNY, bay plan yo a moun ki gen enterè nan kominote a pou 30-jou peryòd kòmantè anvan yo soumèt plan yo a ESD, sa ki, an konsiltasyon avèk Chanselye SUNUY, revize plan yo pou apwobasyon final ak deziyasyon zòn taks lib. Plan CUNY yo, apre yon peryòd 30-jou kòmantè, egalman ap revize ak apwouve pa ESD. Plan yo te soumèt pa lekòl prive yo ap revize pa ESD ak prezante nan Konsèy Apwobasyon START-UP NY pou apwobasyon final ak deziyasyon zòn san taks.

Depi yo aksepte yon lekòl nan START-UP NY, biznis ki enterese yo kapab kòmanse aplike pou pwogram lan atravè kolèj oswa inivèsite ki patwone a. Apre yon revizyon konplè ak apwofondi de yon aplikasyon pa kolèj oswa inivèsite ki patwone a ak ESD, biznis apwouve ki kreye nouvo djòb nèt la pral opere 100 pousan zewo taks pou 10 ane, yo pap peye taks revni eta, biznis oswa taks antrepriz eta oswa taks lokal, taks sou lavant, taks sou pwopriyete oswa fè franchiz.

Jiska dat 57 lekòl te apwouve pou START-UP, etabli plis pase 310 zòn san taks pou nouvo biznis ak sa kap grandi yo pou opere nan oswa toupre kanpis yo. Chak lekòl ki apwouve Plan START-UP NY disponib nan [www.startup-ny.com](http://www.startup-ny.com).

START-UP NY gen ladan bon dispozisyon pou bay pwoteksyon kont fwod. Biznis yo egzije pou soumèt sètifikasyon nan ESD, ak bay manti nan sètifikasyon yo se yon krim. Pwogram lan gen ladan tou dispozisyon sevè pou pwoteje kont abi tankou chanjman djòb pami ajans ki konsène yo oswa “k ap fè ti chanjman,” lè yon konpayi senpleman re-fòme anba yon nouvo non epi li fè anplwaye li genyen deja yo se nouvo djòb kounye a. Answit, START-UP NY gen ladan mezi pou anpeche operasyon entèn ak konfli enterè. Nan ka lè gen fwod, Eta a ap gen dwa pou rekipere avantaj yo bay pou biznis yo. Konpayi ki pa satisfè kondisyon pwogram nan - tankou lè yo pa satisfè limit kreyasyon djòb yo - ka gen avantaj yo redwi, sispann oswa elimine. ESD ap gen otorizasyon pou revize done konpayi an pou asire yo te kreye ak konsève djòb yo, epi pou mete yon pwen final nan patisipasyon konpayi ki pa kreye nouvo djòb ditou. ESD ap gen obligasyon pou pibliye yon rapò jeneral chak ane pou pèmèt piblik la evalye enpak pwogram nan.



###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride